ISSN 2010-9075

БЕРДАҚ атындағы ҚАРАҚАЛПАҚ
МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

# ХАБАРШЫСЫ

# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО
УНИВЕРСИТЕТА им. БЕРДАХА

3-4

НӨКИС 2010 НУКУС

**БЕРДАҚ атындағы ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИНИҢ**

# ХАБАРШЫСЫ

# ВЕСТНИК

**КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА им. БЕРДАХА**

**№ 3-4 (8-9)**

2010

Каракалпакский госуниверситет им. Бердаха

*Учредитель и издатель:* Каракалпакский государственный университет им. Бердаха
*Главный редактор:* доктор биологических наук, профессор А.Т. МАТЧАНОВ

*Редакционная коллегия:*
БАЗАРБАЕВ Ж., академик АН РУ, доктор философских наук; АЛЕУОВ У.А., доктор педагогических наук; БАЙМАНОВ К.И., доктор технических наук; БЕРДИМУРАТОВА А.К., доктор философских наук; ДАУЛЕТОВ А.Д., академик АН РУ, доктор филологических наук; ИСМАЙЛОВ К.А., доктор физико-математических наук; КОСБЕРГЕНОВ С., доктор физико-математических наук; КЫДЫРНИЯЗОВ М.-Ш., доктор исторических наук; КУДАЙБЕРГЕНОВ К.К., доктор физико-математических наук; КУТЫБАЕВА Е.Д., доктор юридических наук; МАМБЕТУЛЛАЕВА С.М., доктор биологических наук; МАШАРИПОВА Т.Ж., (ответственный секретарь журнала); МЕДЕТУЛЛАЕВ Ж., доктор экономических наук; УРАЗЫМБЕТОВ К.К., доктор филологических наук; УБАЙДУЛЛАЕВ К., доктор экономических наук (заместитель главного редактора); ТЛЕГЕНОВ Р.Т., доктор химических наук; ХАМИДОВ Х., академик АН РУ, доктор филологических наук; ХОЩАНОВ Б., доктор исторических наук.

Журнал издается с 2008 года
Выходит 4 раза в год на каракалпакском, узбекском, русском и английском языках

Адрес редакции: 230100, г. Нукус, ул. Ч. Абдирова,1
Телефоны: 223-60-19
E-mail: qaraqalpaq-vestnigi@mail.ru
Набор и корректура: Каллыханова Л.О.
Компьютерная верстка: Тлеумуратов М.Б.

Сдано в набор 7.12.2010. Подписано к печати 27.12.2010. Формат бумаги 60x84 1/8. Печать офсетная. Бум. л.____. Уч.-изд. л. ______. Тираж 500. Заказ ____. Цена договорная. Каракалпакский государственный университет им. Бердаха. г.Нукус, ул. Ч. Абдирова,1. Журнал зарегистрирован Каракалпакским агентством печати и информации. Регистрационный номер №01-051 от 31 октября 2008 г.
Отпечатано в «SAYDANA-PRINT» ООО. г.Ташкент, Камарнисо,3

Вестник Каракалпакского государственного университета им. Бердаха

## УЛЫЎМАИНСАНЫЙЛЫҚ ИДЕЯЛАР ҲӘМ ШАЙЫР ПОЗИЦИЯСЫ

**Турдыбаев Қ. К.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Ғәрезсизликтиң орнаўы елимиздиң сиясий-экономикалық ҳәм руўхый-мәдений турмысында үлкен өзгерислерди келтирип шығарды. Әсиресе бул нәрсени көркем әдебият саласында да айқын сезиўимизге болады. Тоталитар дүзим дәўиринде сүўретлеў мүмкин болмаған ҳәдийсе, ўақыя, образ, мотив ҳәм идеялар жөнинде қәлем тербетиў имканияты пайда болды. Усының арқасында әдебиятымызда жаңа идеялық-тематикалық бағдарлар, жанрлық-стильлик ағымлар, әлўан түрли сыпатқа ҳәм көркемлик дәрежеге ийе шығармалар пайда бола баслады. Ҳәттеки, әдебиятымыз майданында бурын елеспесизлеў көринген талант ийелери де өз қәлемин сынап көре баслады. Усындай қәлем ийелериниң бири – С.Ниетуллаев болып табылады. Ол ғәрезсизлик имканиятларынан өнимли пайдаланған халда, әлўан түрли тематикаға ҳәм идеяға қурылған шығармаларын оқыўшылардың нәзерине усынып келмекте. Усы ўақытқа шекем шайырдың «Мен саған ашықпан» /1980/, «Гүлзар» /1992/, «Жақсы тилек» /2004/, «Өмир ҳаққында ойлар» /2006/, «Тәғдир» /2007/, «Елим мениң» /2007/, «Қәдириң де, қымбатың өз елиңде» /2009/, «Усы елдиң перзентимен» /2008/, «Өмир жолы» /2010/ х.т.б. поэзиялық китаплары басылып шықты. Оларға баспа сөз бетлеринде бир қанша сыншы ҳәм әдебиятшылардың, [1] кең оқыўшылар жәмийетшилигиниң пикирлери жарық көрди [2].

Талантлы шайыр С.Ниетуллаев көбирек ойшыл ҳәм гуманистлик пафосы күшли қосықлар жазады. Оның поэзиясында туўылған жер, Ана - Ўатан темасы баслы орынды ийелейди. Усы көзқарастан алып қарағанда, терең ойлылық оның поэзиясының баслы қәсийетлериниң бири болып табылады.

Шайырдың дөретиўшилигинде жаңа заман-ғәрезсизлик, Өзбекстан, менен Қарақалпақстан, туўылған аўылы туўралы жазылған терең мәнили қосық қатарлары көплеп ушырасады. Мысалы:

Өзиң менен мен бүгин сырласайын,
Туўған жерим!
Жаныңа нур басайын.
Мәнзилиңе жетиў ушын,
Таў-тасыңды,
ойыңды, қырды асайын.

Туўған жерим, жанымның ишиндесең.
Қарар көзим,
қуўатым, күшим де сен.
Хызметиңде болмасам көз жумғанша,
Гүнаң аўыр деп мени кеширме сен!

Шайыр усылай жаза отырып, өз пикирлерин және де заманагөйлестирип, туўылған жериниң бүгинги қыйыншылықлары менен суўсызлық ақыбетлерине жанашырлық билдирип, төмендеги қатарларды ортаға таслайды:

… Теңиздиң де қурыўы дейсең бе сен,
Ақмақлығы тек ғана өзлериңниң.
Бәри буның елимде ертек енди,
Әмиўим де күн-күннен келтереди.
Көрип турып Аралдың қурығанын,
Жүрек-жаным ишинен өртенеди.

Бундай қатарлар, әлбетте, ҳақыйқат ел перзентиниң, патриот лирик қаҳарманның ишки руўхый кеширмелериниң сәўлеси болып, олар шайырдың басқа қосықларындағы улыўма адамийзатлық ой-пикир ҳәм идеялар менен уласып отырады. Соның ушын да С.Ниетуллаевтың көпшилик қосықлары жәмийетшиликти айрықша ойшыллығы, философиялық сыпаты менен өзине тартып келмекте. Бундай қәсийетлерди биз оның жоқарыдағы туўылған жер ҳаққындағы қосығында да ушыратамыз. Усыларға қосымша оның төмендегидей терең мәнили көркем-поэтик пикирлери де оқыўшының дыққатын өзине тартатуғыны анық:

Саўалым бар өзиңе, Жаратқаным!
Әлемге нур жақсы-ғой таратқаның.
…Жерде жаман көбейип баратқанын,
Билесиз бе сиз өзиң, Жаратқаным?!

Он баланың анасын,
Дурыс па сол,
Әлле кимниң қолына қаратқаның?!
Өмир қыйын болып тур, жаратқаным!
Жаманлықты адамға боратқаның..!
Саған обал емес пе қалаларды,
Жерди силкип,
Ўайран қып қыйратқаның?!

Шайыр көпшилик ўақытлары усылайынша тәбият ҳәм жәмийет қубылысларын салыстыра келип, өткир, ойшаң поэтикалық пикирлер келтирип шығарады, қосықларының улыўма адамийзатлық философиялық ҳәм гуманистлик сыпатларын күшейтип барады. Усындай усыл менен шайыр және де мынадай қатарларды оқыўшыға инәм етеди.

Қарайды жулдызлар да көктен күлип,
Түн бойы жер бетине турды үңилип.
Жердеги қыйынлықты көрмеў ушын,
Барлығы таң алдында кетти семип.
…Жердеги азапларды көрмеў ушын,
Турмайды Ай да оған көп үңилип…

Демек, бул жерде тәбият сырлары шайыр ушын улыўма гуманистлик ойларды бериўде белгили бир поэтикалық усыл сыпатында ислетилген.

Шайырлар бәрқулла өз өмирине байланыслы белгили жуўмақлар шығарып, өмир туўралы ой-пикирлерин көпшиликке усынады. С.Ниетуллаев та усылайынша өз өмир тәжрийбелеринен келип шыға отырып қосықлар жазады, поэтикалық пикирлерин ортаға таслайды. Бул өз гезегинде шайырдың ой-пикирлериниң исенимлилигине, тәбийғыйлығына алып келеди. Мәселен: «Ақлықтың бесиги жанындағы ойлар» атлы қосықтағы төмендеги қатарларға итибар берейик:

Үңилемен сен жатырған бесикке,
Жақтырмайман сылт еткенин есик те.
Өмирдеги улы-қыйқыў даўысты,
Керек емес,
Ҳәзир жаным еситпе!

Лирикалық қаҳарманның келешек әўладлар ҳаққындағы бундай ойлары оқыўшыда айрықша жыллы сезимлер пайда етеди. Усындай көзқарастан ғана бул қатарлардағы ҳақыйқатгөйликти түсиниўге болады.

Шайыр ҳәм оның лирик қаҳарманы усылайынша қысқа күнге қырқ толғатып, өмир туўралы тынымсыз ойлар жетегинде жүреди, тәбияттың тилсимли сырлары менен де өзинше сырласып, олардың жәрдеми менен адамийзаттың бүгини ҳәм келешеги ушын әҳмийетли мәселелерди ортаға таслайды, жақсылықтың барлық жаманлықлар үстинен жеңисин тилеп барады. Буның ушын шайырдың лирикалық қаҳарманлары ең алды менен Ана-Жерге, туўылған топыраққа өз аяғын анық тиреп алып пикир жүритеди, ис-ҳәрекет ислейди. Усындай көзқарастан ол төмендеги ойларды алға сүреди:

Жақсылық пенен
Әлемди орап қапласам.
Жаманлық затын
Искекке илип қақласам!
Әдиллик пенен
Ҳадалды қорғап бир өмир
Шынлықты журтқа
Жанымды жағып ақласам!...
Асырыў ушын,
Әмелге усы ойымды,
Туўған жер, мени жақласаң…

Өз туўылған жери ушын ҳадал ислеп атырған С. Ниетуллаев сыяқлы азаматлардан ғана усындай пикирлер туўылыўы мүмкин ҳәм оның шын жүректен шыққанлығына, оның иске асыўына оқыўшылар исенеди деп ойлаймыз.

Жуўмақлап айтқанда, С.Ниетуллаевтың ғәрезсизлик дәўириндеги лирикасында өмир диалектикасы, оның әлўан түрли қарама-қарсылыққа, гүреске толы көринислери шебер сүўретленген. Шайырдың бул дәўирдеги қосықларының тәрбиялық әҳмийети үлкен болып, олар жасты да, үлкенди

де ойланыўға, өмирдиң мәниси туўралы толғаныўға шарлайды. Буған қәлем ийеси бүгинги миллий поэзиямызды сөз нағыслары менен шебер кестелеўи, усы арқалы ҳәзирги китап оқыўшысының эстетикалық талғамын байытыўы арқалы ериспекте. Демек, шайырдың әдебий мийрасын ғәрезсизлик заманы көзқарасынан еле де тереңирек изертлеў оның ҳәзирги миллий поэзиямыздағы орнын белгилеўге хызмет етеди деген пикирдемиз.


ӘДЕБИЯТЛАР

1. Султанов А. Жүректе қайнап шыққан қосықлар. // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 3-май; Усы автор. Қосықларда-шадлығы, әлеми. // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 31-июль. Есенов Ж. Ойшыл ҳәм меҳирли қосықлар. // «Еркин Қарақалпақстан», 2004, 16-декабрь. Усы автор. Тереҳ толғаныслардан туўылған қосықлар. // «Әмиўдәрья», 2009, – №3. Избасқанов Ж. Қосық жазбай кетип те көрдим. // «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 17-март.
2. Базарбаев Ж. Топламдағы илхәм туйғылары (С.Ниетуллаевтың «Өмир ҳаққында ойлар» китабын оқып). // «Еркин Қарақалпақстан», 2006, 23-сентябрь. Султанов А. Қарақалпақ поэзиясында философиялық ой-пикир. // «Еркин Қарақалпақстан», 2006, 14-сентябрь; Усы автор. Көркем әдебиятта философиялық ой-пикир. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009, Б. 86-88



**Резюме**

В этой статье речь идет о лирике поэта С. Ниетуллаева периода национальной независимости. Автор на основе анализа определяет идейно-эстетическую значимость его лирических произведений в национальной поэзии каракалпаков.



**Summary**

This article deals with the lyrics of poet S.Nietullaev in the period of national independence. On the basic analyses, the author makes clear ideal-aesthetic meanings of his lyrical works in the national poetry of the karakalpaks.


---

## НЕКОТОРЫЕ ОСОБЕННОСТИ ДРАМАТИЧЕСКОГО ПРОИЗВЕДЕНИЯ


**Шыныбекова А.С.**

*Казахская академия транспорта и коммуникации*


Термин «драма», восходя к греческому drama (букв. – «действие»), не только многозначен, но и является ядром значительного по объему словообразовательного гнезда, компоненты которого, в свою очередь, «обросли» лексико-семантическими вариантами [1:179]. Обращаясь *к социолингвистическому аспекту* этого слова, отметим, что три из пяти его производных – драматичный (и его дериват – драматичность), драматизировать, драматизм – развивают переносное значение, репрезентирующее нечто «напряженное, тяжелое», а потому «драматичное, неприятное», требующее напряжения от субъектов этого (драматичного) события или состояния. Этот семантический множитель («напряженное, тяжелое») вместе с другим – «действие» – является основным, как показывает анализ драматических произведений и в целом драматического жанра, определяющим всю его специфику, исключение разве что составляет комедия, в которой это «напряженное и тяжелое», а потому «драматичное и неприятное» разрешается весело и смешно.

Термин «драма» понимается как в первом значении: «Род литературных произведений, написанных в диалогической форме и предназначенных для исполнения на сцене» [2:179], коррелируя с названиями других литературных родов – эпосом и лирикой (прозой и поэзией), так и во втором: «Литературное произведение серьезного содержания в форме диалога, предназначенное для постановки на сцене» [3:255]. В ряде случаев, когда речь идет о внутриродовом различении, актуализируется его значение: «Литературное произведение такого рода с серьезным сюжетом, но без трагического исхода», что ставит слово «драма» в один ряд с терминами «трагедия» и «комедия» [4: 179]. Последнее значение, указывающее на внутриродовое деление, в «Словаре иностранных слов» А.Н.Булыко не рассматривается.

Особенность драматического жанра в том, что драма одновременно принадлежит и литературе, и театру. Это послужило объективной основой того обстоятельства, что драматургия стала предметом научного интереса двух искусствоведческих дисциплин: театроведения, изучающего пьесу как основу сценического творчества, и литературоведения, рассматривающего драму как род

## *ИСТОРИЯ. СОЦИОЛОГИЯ. КУЛЬТУРОЛОГИЯ. ЮРИСПРУДЕНЦИЯ*


**Мамбетуллаев М.М., Утепбергенов Ф.Ж.** Куюк-кала – раннесредневековый памятник кердерской Культуры…………………………………………………………………………………………………… 50
**Мухамедов Ш.Б.** Исмаил Гаспринский и «Новометодные» школы в Туркестане……………………………… 59
**Базарбаев Р.Ж.** Некоторые вопросы кадровой политики советской власти в зарубежной историаграфии …. 63
**Уразбаева Р.Дж.** Ташкент центр науки и образования……………………………………………………… 67
**Ғаффарова Г.Ғ.** Глобаллашув жараёнининг синергетик таҳлили……………………………………………. 70
**Унгбоева Б.Ў.** Ўзбек киноси ва театри санъати тарихи ўрганилиши масаласи……………………………. 74
**Матчанова М. А.** Некоторые аспекты организационно-правовых основ взаимодействия органов предварительного следствия и дознания……………………………………………………………………..75
**Палванов М.Б.** «Уголовно-правовое и криминологическое состояние наркомании и наркопреступности»…79


## *ФИЛОЛОГИЯ. ЖУРНАЛИСТИКА*


**Пренова Г. Б.** Семантика оксюморона в английском языке……………………………………………..82
**Сейтова Д.У.** Словообразовательные модели неологизмов в современном английском языке…………………85
**Хаджиева Д.Т.** Глагольно-инфинитивное сочетания в древнеанглийском языке……………………………… .88
**Алланазарова Ф.К.** Грамматическая категория имени существительного в английском языке…….91
**Джолдасова Г. Б.** Особенности анализа когнитивной функции английских глаголов действия…….93
**Бабаева Г.С.** Хушмуомалалик концепти: умумий ва маданий ўзига хос хусусиятлари……………. 98
**Каримхожаев Н.Ш.** Сөзлерди семантикасы бойынша калькалаўдың гейпара мәселелери……………………..101
**Таңирбергенов Ж.Ө.** Қарақалпак тилинде фейил мәнили фразеологиялық антонимлердиң қолланылыў өзгешеликлери……………………………………………………………………………………104
**Раупова Л.** Диалогик дискурсда миллий ментал омилларнинг намоён бўлиши……………………………….. 107
**Тоқымбетова Г.** Бердақ дөретиўшилигинде Күнхожа дәстүрлери ……………..……………………………110
**Турдыбаев Қ. К.** Улыўмаинсаныйлық идеялар хәм шайыр позициясы……………………………………..113
**Шыныбекова А.С.** Некоторые особенности драматического произведения ..................................................115
**Қурбанов М.Д.** Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң грамматикалық қурылысы ҳаққында….118

**РЕЦЕНЗИЯ** …………………………………………………………………………………………………….. 120

**ЮБИЛЕЙ**………………………………………………………………………………………………………… 121

**НЕКРОЛОГ**………………………………………………………………………………………………….. 122